

Gid pou n byen itilize rezo sosyal sou entènèt

Glordens Cenat &
Jemima Morinvil



Objektif

- Montre enpòtans rezo sosyal nan fonksyònman nou jodi a.
- Montre kòman aprenan yo ka itilize rezo sosyal yo nan fason pozitif.
- Montre aprenan yo kòman pou yo itilize rezo sosyal yo an sekirite.

Entwodiksyon

Rezo sosyal yo se tout sit entènèt ak aplikasyon telefòn ki pèmèt nou konekte nou youn ak lòt. Ou ka konekte ak fanmi oubyen zanmi ; ou ka menm konekte ak moun ou pa rekonèt. Rezo sosyal yo pèmèt nou kominike epi pataje foto, videyo, odyo, dokiman ak lòt kalite konteni. Nou ka pataje ak moun ki gen menm enterè ak nou oubyen moun ki pa gen menm enterè ak nou.



Yon ti apèsi sou rezo sosyal ki pi popilè yo



- **Facebook (FB)** : Yo te kreye FB nan lane 2004. Li gen plis pase yon milya moun k ap itilize l jodi a.
- **Twitter** : Yo te kreye l nan lane 2006. Li se rezo sosyal ki pèmèt itilizatè yo pataje mesaj ki kout yo rele « Twit ».
- **Instagram** : Yo te kreye l nan lane 2010. Li pèmèt itilizatè yo pataje foto ak videyo. Nan lane 2012, Facebook achte Instagram.

Kontinye...



- **YouTube** : Se rezo sosyal pou pataje videyo. YouTube vin popilè anpil nan fè videyo an dirèk pou moun gade (sa yo rele « Livestream » ann angle). Yo te kreye Youtube nan lane 2005 epi an 2006 Google achte l.
- **TikTok** : Se yon rezo sosyal yo te kreye nan lane 2016 nan peyi Lachin. Li pèmèt itilizatè yo pataje ti videyo kout (ant 1 ak 3 minit).
- **WhatsApp** : Yo te kreye l nan lane 2009. Li pèmèt itilizatè yo fè apèl telefòn ak videyo, pataje foto, videyo ak dokiman. Facebook achte WhatsApp nan lane 2014.

Enpòtans rezo sosyal yo

Kèk nan bagay nou dwe konnen sou rezo sosyal yo ki enpòtan :

- Jounen jodi a, li vin pi fasil pou nou kominike youn ak lòt kèlkeswa kote nou ye sou latè.
- Li fasil pou nou fè yon foto epi pataje l ak moun e menm moun nou pa rekonèt e ki pa rekonèt nou tou.
- Li fasil pou nou fè mesaj pase, e li fasil pou nou distribye enfòmasyon ki verite oubyen ki pa verite. Mesaj sa yo konn al jwenn moun byen lwen jouk lòt bò dlo.

Danje ki genyen nan itilize rezo sosyal (1)

Menm jan nou sot wè kèk bon bagay nou ka fè lè n ap itilize rezo sosyal yo, se menm jan an tou gen anpil moun ki itilize yo pou fè sa k pa bon ak sa ki kont sa lalwa di.


Moun itilize rezo sosyal yo pou :

- Anmède ak joure lòt moun.
- Mete koze moun nan lari.
- Pale moun mal ak fè jouda sou moun.
- Pataje vye imaj ak videyo bay lòt moun.

Danje ki genyen nan itilize rezo sosyal (2)

- Vòlè lajan nan men moun.
- Vòlè idantite moun.
- Pibliye fo nouvèl.
- Sèvi ak rezo sosyal kòm zouti pou komèt zak kriminel tankou kidnape, maltrete ak touye moun.

Kòman pou n pwoteje tèt nou ak lòt moun (1)



Avèk sitiyasyon n ap viv ann Ayiti jounen jodi a, li enpòtan pou nou pridan e pou nou asire sekirite nou ak sekirite lòt moun.

Kèk bagay nou ka fè pou n pwoteje tèt nou kont danje ki genyen nan itilize rezo sosyal yo :

- Fè kont rezo sosyal nou yo prive lè sa posib.
- Pa pataje kote nou ye sou rezo sosyal oubyen ak moun nou pa konnen.
- Pa ajoute moun nou pa konnen sou kont rezo sosyal nou.

Kòman pou n pwoteje tèt nou ak lòt moun (2)

- Pa kominike ak moun nou pa rekonèt.
- Pa pataje enfòmasyon pèsonèl nou.
- Pa pataje enfòmasyon pèsonèl lòt moun si yo pa ban nou otorizasyon.
- Pa pataje koze ki pa verifye (egal : pa patisipe nan simaye fo nouvèl ak akizasyon san prèv).
- Bloke tout moun nou estime ki ka kreye nuizans oswa danje pou nou.


Kreye sistèm sekirite sou rezo sosyal ou

Kreye sistèm « Gwoup Zanmi » (« Buddy System ») :

1. Kreye yon lis moun ou fè konfyans, mete yo nan kontak ou.
2. Ekri « A1 » devan non zanmi ou fè plis konfyans lan :
 - Sa ap fè non sa a vin premye moun nan lis kontak ou.
 - Si gen ijans, sa ap pèmèt ou kontakte moun sa a pi vit.

Lè w ap pran lari...

- Kreye sistèm « Gwoup Zanmi » an.
- Chwazi kèk zanmi pou w deplase ak yo.
- Evite sòti pou kont ou.
- Anvan w pran lari, verifye zòn ou prale a pou w asire w li an sekirite.
- Toujou di yon moun kote w prale, a ki lè ou dwe rive, e a ki lè ou ta dwe retounen.



Kreye yon plan sekirite

1. Pa egzanzp, nan sistèm « Gwoup Zanmi » an, eseye etabli yon plan sekirite ki detaye sa n dwe fè si yon moun pati epi li pa retounen apre 30 minit nan lè li te di l ap rantre a. Lè kon sa, tout gwoup la dwe alète epi al chache kote moun nan ye pou asire li an sekirite.
2. Nan sistèm « Gwoup Zanmi » an, chak manm gwoup la dwe konnen fanmi chak lòt manm yo ak kote yo rete.

Sistèm « Gwoup Zanmi » an dwe gen ladan l :

- Paran w
- Yon pwofesè
- Yon moun nan fanmi w
- Yon moun nan legliz ou oubyen nan baz ou
- Yon moun ou konnen e fè konfyans nan chak zòn w abitye frekante



Kòman nou ka itilize sistèm « Gwoup Zanmi » an ak rezo sosyal yo

Nan prèske tout aplikasyon rezo sosyal yo tankou WhatsApp, Facebook, Instagram, SMS e latriye, genyen opsyon ki pèmèt nou kreye gwoup tchat.

Lè w fin kreye lis moun k ap fè pati sistèm « Gwoup Zanmi » an, kreye yon gwoup tchat nan tout kont rezo sosyal ou. Ou ka fè sa tou ak SMS.

Mete tit sistèm « Gwoup Zanmi » an nan chak gwoup tchat pou w pa konfonn li ak lòt gwoup tchat ou genyen nan lis kontak ou.


Kòman nou ka kreye yon gwoup sou telefòn « Android »



Klike pou w jwenn videyo
←

Kòman nou ka kreye yon gwoup sou Facebook

1. Ale sou kont Facebook ou, klike nan kwen an lè a, a dwat, epi klike sou « Nouveau groupe ».
2. Ajoute tout kontak ki nan sistèm « Gwoup Zanmi » ou a.
3. Rele gwoup la « Gwoup Zanmi ».
4. Klike sou « Créer ».



Kòman nou ka kreye yon gwoup sou WhatsApp

1. Ale sou kont WhatsApp ou nan kwen an lè a, a dwat, epi klike sou « Nouveau groupe ».
2. Ajoute tout kontak ki nan sistèm « Gwoup Zanmi » ou a.
3. Rele gwoup la « Gwoup Zanmi ».
4. Klike sou « Créer ».

